# «Girew haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’ (jan’a redakciyada)

**I. Uli’wma rejeler**

**1-statya.** Girew tu’sinigi.
Bir adamni’n’ basqa adamg’a mu’lkin yamasa wog’an bolg’an huqi’qi’n minnetlemelerdi ta’miyinlew boyi’nsha beriwi girew boli’p tabi’ladi’.
Girewge bola qari’zdar (girewge qoyi’wshi’) girew menen ta’miyinlengen minnetlemeni yamasa tiyislisinshe wori’nlamag’an jag’dayda kreditor (girewge ali’wshi’) bul minnetleme boyi’nsha girewge qoyi’wshi’ ta’repinen girewge qoyi’lg’an mu’lktin’ quni’nan basqa kreditorlarg’a qarag’anda arti’qmashli’q berilgen tu’rde qanaatlandi’ri’wg’a haqi’li’ boladi’, ni’zamda belgilep qoyi’lg’an jag’daylar bug’an kirmeydi.
Ni’zam boyi’nsha haqi’yqi’y bolg’an ha’r qanday minnetlemenin’: zaem, bank krediti, ijara, sati’p ali’w – sati’w, ju’klerdi tasi’w ha’m huqi’qti’n’ ha’r qanday subektleri (fizikali’q ha’m yuridikali’q ta’repler, ma’mleket) arasi’ndag’i’ basqa minnetlemelerdin’ wori’nlani’wi’ girew menen ta’miyinleniwi mu’mkin. Minnetleme aqsha birliklerinde (milliy valyutada yamasa si’rt yel valyutasi’nda) ko’rsetilgen boli’wi’ tiyis.

**2-statya.** Girew haqqi’nda ni’zam aktleri.
Girewge baylani’sli’ qatnasi’qlar usi’ Ni’zam ha’m basqa da ni’zam aktleri menen ta’rtiplestiriledi.
Usi’ Ni’zamni’n’ qag’i’ydalari’, yeger «Ipoteka haqqi’nda»g’i’ Wo’zbekstan Respublikasi’ Ni’zami’nda basqasha ta’rtip belgilenbegen bolsa, ipoteka menen baylani’sli’ qatnasi’qlarg’a qollani’ladi’.
Yeger Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ xali’q arali’q sha’rtnamasi’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ girew haqqi’ndag’i’ ni’zam aktlerindegiden basqa qa’deler belgilengen bolsa, wonda xali’q arali’q sha’rtnamani’n’ qa’deleri qollani’ladi’.

**3-statya.** Girewdin’ payda boli’w tiykarlari’.
Girew sha’rtnamag’a yamasa ni’zamg’a bola payda boladi’.
Girewdin’ payda boli’wi’n na’zerde tutatug’i’n ni’zam aktinde qanday minnetlemege bola ha’m atap aytqanda qanday mu’lk girewde turg’an dep tani’li’wi’ tiyisligi ko’rsetilgen boli’wi’ kerek.

**4-statya.** Girewdin’ tu’rleri.
Girew – zakalat, ipoteka, sonday-aq, huqi’q girewi tu’rinde ha’reket yetiwi mu’mkin.

**5-statya.** Girew na’rsesi.
Ha’r qanday mu’lk, soni’n’ ishinde zatlar ha’m mu’lklik huqi’qlar (talaplar) girew na’rsesi boli’wi’ mu’mkin, aylani’stan shi’g’ari’lg’an mu’lk, kreditordi’n’ jeke wo’zi menen u’zliksiz baylani’sli’ bolg’an talaplar, atap aytqanda wo’mirge yamasa den sawli’qqa keltirilgen zi’yandi’ wo’tew haqqi’ndag’i’ talaplar, alimentler haqqi’nda talaplar ha’m de basqa adamg’a beriliwi ni’zam menen qadag’an basqa da talaplar bug’an kirmeydi.
Girew haqqi’nda sha’rtnamada, ni’zam tiykari’nda payda bolatug’i’n girewge baylani’sli’ bolsa ni’zamda girewge qoyi’wshi’ keleshekte qolg’a kirgizetug’i’n zatlar ha’m mu’lklik huqi’qlar girewi na’zerde tuti’li’wi’ mu’mkin. Yeger sha’rtnamada yamasa ni’zam aktlerinde basqasha ta’rtip na’zerde tuti’lmag’an bolsa, mu’lkke baylani’sli’ girew huqi’qi’ mu’lkke tiyisli na’rselerdi ha’m woni’n’ aji’ralmas na’tiyjelerin wo’z ishine aladi’.
Girewge qoyi’lg’an mu’lkti paydalani’w na’tiyjesinde ali’ng’an jemis, wo’nim ha’m da’ramatlarg’a baylani’sli’ girew huqi’qi’ sha’rtnamada na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda qollani’ladi’. Tariyxi’y, ma’deniy yamasa basqasha a’hmiyetliligi sebepli yaki ma’mleketlik qa’wipsizlik ko’z qarasi’nan girew qollani’li’wi’ mu’mkin bolmag’an wobektler dizimi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Wa’zirler Ken’esi ta’repinen belgilenedi. Wo’ndirip ali’w qarati’li’wi’ mu’mkin bolmag’an puxaralardi’n’ ayi’ri’m tu’rdegi mu’lklerin girewge qoyi’w ni’zam aktlerinde belgilengen ta’rtipte qadag’an yetiliwi yamasa shekleniwi mu’mkin.

**6-statya.** Girew menen ta’miyinlenetug’i’n talaplar.
Yeger sha’rtnamada yamasa ni’zam hu’jjetlerinde basqasha ta’rtip na’zerde tuti’lmag’an bolsa, girew talapti’n’ is ju’zinde qanaatlandi’ri’li’wi’ waqti’ndag’i’ ko’lemin ta’miyinleydi, atap aytqanda procentler, sha’rtti wori’nlamag’ani’ ushi’n ja’riyma, wori’nlawdi’ keshiktirip jiberiw na’tiyjesinde keltirilgen za’leldi wo’tew to’lemin, sonday-aq girewge ali’wshi’ni’n’ girewge qoyi’lg’an zatti’ saqlawg’a shi’g’arg’an za’ru’r shi’g’i’nlari’n ha’m wo’ndiriw boyi’nsha shi’g’i’nlardi’n’ to’leniwin ta’miyinleydi.
Girew keleshekte payda boli’wi’ mu’mkin talaplarg’a baylani’sli’da, yeger ta’repler bunday talaplardi’n’ girew menen ta’miyinleniw mug’dari’ haqqi’nda kelisken jag’dayda, belgileniwi mu’mkin.

**7-statya.** Bir neshe adamg’a birlikte tiyisli bolg’an mu’lk yamasa huqi’qlardi’n’ tu’rleri.
Birlikte uli’wma menshikte bolg’an mu’lk, tek barli’q menshik iyelerinin’ jazba kelisimi menen g’ana girewge beriliwi mu’mkin.
Bir neshe adamg’a birlikte tiyisli bolg’an huqi’q tek woni’n’ barli’q iyelerinin’ kelisimi menen girewge qoyi’li’wi’ mu’mkin.
Menshik iyesinin’ u’lesi qosi’lg’an uli’wma menshiktegi wo’z u’lesin girewge qoyi’w ushi’n basqa menshik iyelerinin’ kelisimi talap yetilmeydi.

**8-statya.** Girewge qoyi’wshi’ ha’m girewge ali’wshi’.
Yuridikali’q yamasa fizikali’q ta’repler girewge qoyi’wshi’ yamasa girewge ali’wshi’ boli’wlari’ mu’mkin.
Qari’zdardi’n’ wo’zi de, u’shinshi bir ta’repte girewge qoyi’wshi’ boli’wi’ mu’mkin.
Zatti’n’ iyesi zatti’ girewge qoyi’wshi’ boli’wi’ mu’mkin, girewge qoyi’latug’i’n huqi’qti’n’ iyesi bolg’an ta’rep huqi’qti’ girewge qoyi’wshi’ boli’wi’ mu’mkin. Yeger ni’zamda yamasa sha’rtnamada basqasha ta’rtip na’zerde tuti’lmag’an bolsa, menshik iyesinin’ kelisimisiz zatli’q huqi’qti’ girewge qoyi’wg’a jol qoyi’lmaydi’.
Yeger iyeliginen shi’g’ari’lg’anda basqa shaxs yamasa uyi’mni’n’ kelisimi yaki ruxsati’n ali’w talap yetiletug’i’n mu’lk ipoteka na’rsesi bolsa, bunday mu’lk ipotekasi’ ushi’n da usi’nday kelisim yamasa ruxsat ali’w sha’rt.
Ma’mleketlik mu’lk bolg’an ha’m hesh kimge xojali’q ju’rgiziw huqi’qi’nda bekitilmegen ko’shpes mu’lktin’ girewi haqqi’ndag’i’ qarar Wo’zbekstan Respublikasi’ Ministrler Kabineti ta’repinen qabi’l yetiledi.
Mu’lk toli’q xojali’q ju’rgiziw huqi’qi’ menen bekitilip qoyi’lg’an ka’rxana, usi’ mu’lk iyesinin’ yamasa wol wa’killik bergen uyi’mni’n’ kelisimi menen tutas alg’anda ka’rxanani’n’, mu’lklik kompleksler si’pati’nda woni’n’ strukturali’q birliklerinin’ ha’m bo’limshelerinin’, sonday-aq ayi’ri’m imaratlar ha’m quri’li’slardi’n’ girewin a’melge asi’radi’.

Wo'zine bekitilip qoyi'lg'an mu'lkti tikkeley basqari'w huqi'qi'na iye ma'keme (sho'lkem) wo'zine ruxsat yetilgen xojali'q jumi'si'nan tu'sken da'ramatlar yesabi'nan ali'ng'an zatlar yamasa huqi'qlardi' girewge beriwge haqi'li' boladi'. Menshik huqi'qi'ni'n' son'i'nan basqa menshik iyesine wo'tiwi toli'q xojali'q basqari'wi'ndag'i' yamasa tikkeley basqari'wdag'i' mu'lktin' girewine qatnasi' bolmaydi'. Ijarashi' ijara sha'rtnamasi'nda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda g'ana ijarag'a beriwshinin' kelisimisiz wo'zinin' ijarali'q huqi'qlari'n girewge beriwge haqi'li' boladi'.
Basqa ma'mleketlerdin' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repleri, sonday-aq puxarali'qqa iye yemes adamlar, ni'zam hu'jjetlerinde basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girew boyi'nsha qatnasi'qlarda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'repleri menen birdey huqi'qlardan paydalanadi' ha'm birdey minnetlemelerge iye boladi'.

**9-statya.** Girew huqi'qi'ni'n' payda boli'wi'.
Girew huqi'qi' girew haqqi'nda sha'rtnama du'zilgen waqi'ttan yamasa, yeger sha'rtnama notarialli'q tasti'yi'qlani'wi' sha'rt bolsa – notarialli'q tasti'yi'qlang'an waqi'ttan, al sha'rtnama dizimnen wo'tkeriliwi sha'rt bolg'anda – wol dizimnen wo'tkerilgen waqi'ttan baslap payda boladi'.
Yeger sha'rtnamag'a yamasa ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q girew na'rsesi girewge ali'wshi'da turi'wi' tiyis bolsa, girew huqi'qi' wog'an girew na'rsesi berilgen waqi'tta, yeger girew na'rsesi sha'rtnama du'zilgenge deyin berilgen bolsa, sha'rtnama du'zilgen waqi'tta payda boladi'.
Girew na'rsesi bolg'an mu'lk ni'zamda belgilengen tiykarda ha'm ta'rtipte ma'jbu'riy ali'p qoyi'lg'an jag'daylarda, yeger woni'n' worni'na girewge qoyi'wshi'g'a basqa mu'lk berilgen bolsa, girew huqi'qi' usi' mu'lkke baylani'sli' qollani'ladi'. Mu'lk qi'sqa mu'ddetli (alti' ayg'a deyin( kreditke sati'lg'an jag'dayda, girew huqi'qi' sati'p ali'wshi' ha'm mu'lk sawdasi'ni'n' usi' tu'rin a'melge asi'ri'w wo'z jumi's shegine kiretug'i'n sati'wshi' arasi'nda sha'rtnama du'zilgen waqi'ttan payda boladi'.

**10-statya.** Girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamani'n' mazmuni'.
Girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamada ta'replerdin' atamasi', ma'kan jayi' (jasaytug'i'n jeri), girew tu'ri, girew na'rsesi ha'm woni'n' bahasi', ma'nisi, mug'dari' ha'm girew menen ta'miyinlenetug'i'n minnetlemenin' wori'nlani'w mu'ddeti, girewge qoyi'lg'an mu'lktin' dizimi, ta'replerdin' wolarg'a baylani'sli' kelisimge yerisken basqa da mag'li'wmatlar ko'rsetiliwi tiyis. Wonda sonday-aq girewge qoyi'lg'an mu'lk ta'replerdin' qaysi'si'nda yekenligi de ko'rsetiliwi kerek.
Girew na'rsesin bahalaw girewge qoyi'wshi' menen girewge ali'wshi' wortasi'ndag'i' kelisimge muwapi'q yaki bahalaw jumi'si' haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetleri talaplari'na muwapi'q girew na'rsesin bahalawdan wo'tkeriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'.

**11-statya.** Girew haqqi'nda sha'rtnamani'n' tu'ri ha'm woni' dizimnen wo'tkeriw.
Girew haqqi'nda sha'rtnama jazba tu'rde du'ziliwi tiyis.
Ipoteka haqqi'nda sha'rtnama, sonday-aq notarialli'q tasti'yi'qlani'wi' kerek bolg'an sha'rtnamag'a muwapi'q ali'natug'i'n minnetlemelerdi ta'miyinlew ushi'n ko'shpeli mu'lkti yamasa mu'lkke bolg'an huqi'qlardi' girewge qoyi'w haqqi'ndag'i' sha'rtnama notarialli'q tasti'yi'qlani'wi' tiyis.
Ipoteka haqqi'ndag'i' sha'rtnama tiyisli mu'lk haqqi'nda du'ziletug'i'n kelisimlerdi dizimnen wo'tkeriw ushi'n belgilengen ta'rtipte dizimnen wo'tkeriliwi tiyis.
Usi' statyadag'i' qa'delerdi saqlamaw, girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamani'n' haqi'yqi'y yemesligine ali'p keledi.

**12-statya.** Girew na'rsesin qamsi'zlandi'ri'w.
Yeger ni'zamda yamasa sha'rtnamada basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge qoyi'wshi' yaki girewge ali'wshi' qoyi'lg'an mu'lk qaysi'si'nda yekenligine qarap:
1) girewge qoyi'lg'an mu'lk joyti'li'wi' yamasa za'lelleniw qa'wpinen woni'n' toli'q quni' boyi'nsha, al yeger mu'lktin' toli'q quni' girew menen ta'miyinlengen talapti'n' mug'dari'nan asi'p ketse, talap mug'dari'nan kem bolmag'an summag'a girewge qoyi'wshi' yesabi'nan qamsi'zlandi'ri'wg'a;
2) girewge qoyi'lg'an mu'lktin' saqlani'wi'n ta'miyinlew ushi'n, soni'n' ishinde woni' u'shinshi ta'replerdin' qol qati'wlari' ha'm talaplari'nan qorg'aw ushi'n za'ru'r ilajlardi' ko'riwge;
3) girewge qoyi'lg'an mu'lk jog'ali'wi' yamasa woni'n' za'lelleniw qa'wpi payda bolg'anli'g'i' haqqi'nda yekinshi ta'repti da'rhal xabarlandi'ri'wg'a minnetli. Sha'rtnama yamasa ni'zam aktleri menen girewge qoyi'wshi'g'a ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari' ta'repinen woni'n' xojali'q jumi'si'n toqtati'p qoyatug'i'n yamasa wog'an irkinish yetetug'i'n yaki wog'an unamsi'z ta'sir jasaytug'i'n ha'reketler isleniwi ha'm hu'jjetler qabi'l yetiliwi (mu'lkti konfiskaciyalaw, rekviziciya yetiw), sonday-aq, saplasti'ri'li'wi' yamasa to'lew uqi'bi'n joytqan dep tani'li'wi' jag'daylari'nda qamsi'zlandi'ri'w minnetlemesi ju'kleniwi mu'mkin.
Girewge qoyi'lg'an mu'lk qamsi'zlandi'ri'lg'anda, girew menen ta'miyinlengen minnetleme summasi'nan arti'q bolmag'an summada qamsi'zlandi'ri'w to'lemin ali'wshi' – girewge ali'wshi' boli'p tabi'ladi'. Girewge qoyi'wshi' qamsi'zlandi'ri'w to'leminin' qalg'an summasi'n aladi'.
Qamsi'zlandi'ri'w jag'daylari' ju'z bergende, girewge ali'wshi', wo'z talaplari'ni'n' qamsi'zlandi'ri'w to'lemi summasi'nan arti'qmashli'q berilgen tu'rde qanaatlandi'ri'li'w huqi'qi'na iye boladi'.

**13-statya.** Girew na'rsesin almasti'ri'w ha'm tiklew.
Girew na'rsesin almasti'ri'wg'a, yeger ni'zamda yamasa sha'rtnamada basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge ali'wshi'ni'n' kelisimi menen jol qoyi'ladi'.
Yeger girew na'rsesi nabi't bolg'an yamasa za'lellengen yaki wog'an bolg'an mu'lk huqi'qi' yamasa xojali'q ju'rgiziw huqi'qi', ni'zamda belgilengen tiykarlarda biykar yetilgen bolsa, girewge qoyi'wshi' aqi'lg'a muwapi'q mu'ddette (daw payda bolg'an jag'dayda bolsa, sud belgilegen mu'ddette) girew na'rsesin tiklewge yaki sha'rtnamada basqasha ta'rtip belgilengen bolmasa, woni' ten'dey basqa mu'lk penen almasti'ri'wg'a haqi'li' boladi'.

**14-statya.** Girew na'rsesinin' tosi'nnan nabi't boli'w qa'wpi.
Yeger girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamada basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge qoyi'wshi' girewge qoyi'lg'an mu'lktin' tosi'nnan nabi't boli'wi' yamasa tosi'nnan za'lelleniw qa'wpin wo'z minnetine aladi'.
«Girewge ali'wshi' wo'zine tapsi'ri'lg'an girew na'rsesi toli'q yamasa bir bo'leginde nabi't bolg'anli'g'i' yamasa zi'yansi'zlang'anli'g'i' ushi'n, yeger Wo'zbekstan Respublikasi' Puqarali'q kodeksinin' 333-statyasi'na muwapi'q juwapkershilikten azat yetiliwi mu'mkinligin da'liylley almasa, juwap beredi.
Girewge ali'wshi' nabi't bolg'an girew na'rsesi ushi'n woni'n' haqi'yqi'y bahasi' mug'dari'nda, girew na'rsesi zi'yanlang'ani' ushi'n bolsa, girew na'rsesi girewge ali'wshi'g'a tapsi'ri'li'p ati'rg'anda bahalang'an mug'dari'na qaray bahasi' qanshag'a kemeygen bolsa sonsha summa (aqsha) mug'dari'nda juwap beredi.
Yeger girew na'rsesi zi'yanlani'wi' na'tiyjesinde belgilengen maqset boyi'nsha paydalana almaytug'i'n da'rejede wo'zgergen bolsa, girewge qoyi'wshi' wonnan bas tarti'wg'a ha'm woni'n' nabi't bolg'anli'g'i' ushi'n haqi' to'leniwin talap yetiwge haqi'li', woni'n' menen girewge ali'wshi' arasi'nda nabi't bolg'an yamasa zi'yanlang'an mu'lkti tiklew yamasa almasti'ri'w haqqi'nda jazba ra'wishte kelisim du'zilgen ha'm girewge ali'wshi' bul kelisimnin' sha'rtlerin tiyisli da'rejede wori'nlap ati'rg'an jag'daylar bug'an kirmeydi.
Sha'rtnamada girewge ali'wshi'ni'n' girew na'rsesi nabi't bolg'anli'g'i' yamasa zi'yanlang'anli'g'i' aqi'betinde girewge qoyi'wshi'g'a keltirilgen basqa zi'yandi' da wo'tew minnetlemesi na'zerde tuti'li'wi' mu'mkin.
Girew menen ta'miyinlengen minnetleme boyi'nsha qari'zdar girewge qoyi'wshi' girew na'rsesi nabi't bolg'anli'g'i' yamasa zi'yanlang'anli'g'i' aqi'betinde keltirilgen za'leldi (zi'yandi') to'lew haqqi'nda girewge ali'wshi'g'a qoyg'an talapti' girew menen ta'miyinlengen minnetlemelerdi

qaplaw ushi’n yesapqa ali’wg’a haqi’li’»;

**15-statya.** Kelesi girew.
Girewde turg’an mu’lkti girewge qoyi’wshi’ ta’repinen basqa adamg’a (girewge ali’wshi’g’a) basqa talaplardi’ ta’miyinlew ushi’n beriw kelesi girew boli’p yesaplanadi’.
Yeger girew haqqi’ndag’i’ aldi’n’g’i’ sha’rtnamalarda kelesi girew qadag’an yetilgen bolmasa, kelesi girewge jol qoyi’ladi’.
Kelesi girewge ali’wshi’ni’n’ talabi’ bul mu’lktin’ quni’nan aldi’n’g’i’ girewge ali’wshi’lardi’n’ talaplari’nan keyin qanaatlandi’ri’ladi’.
Girewge qoyi’wshi’ girewge ali’wshi’lardi’n’ ha’r birine usi’ mu’lktin’ barli’q bar girewleri haqqi’nda, sonday-aq bul girewler menen ta’miyinlengen minnetlemelerdin’ mug’dari’ haqqi’nda ma’lim yetiwge minnetli ha’m bul minnetlemeni wori’nlamaw sebepli girewge ali’wshi’larg’a keltirilgen za’lel ushi’n juwap beredi.

**16-statya.** Girewge qoyi’lg’an mu’lkke bolg’an huqi’qlar basqa adamg’a wo’tkende girewdin’ saqlani’wi’.
Girewge qoyi’lg’an mu’lkke bolg’an menshiklik huqi’qi’ yamasa woni’ xojali’q ju’rgiziw huqi’qi’ haqi’ ali’p yamasa haqi’ almastan basqa adamg’a beriw na’tiyjesinde yaki ha’r ta’repleme huqi’qi’y miyrasxorli’q na’tiyjesinde girewge qoyi’wshi’dan basqa adamg’a wo’tken jag’dayda girew huqi’qi’ wo’z ku’shinde qaladi’.
Yeger girewge ali’wshi’ menen kelisimde basqa ta’rtip belgilengen bolmasa, girewge qoyi’wshi’ni’n’ huqi’qi’y miyrasxori’ girewge qoyi’wshi’ni’n’ worni’na wo’tedi ha’m woni’n’ minnetlemelerin wori’nlaydi’.
Yeger girewge qoyi’wshi’ni’n’ girew na’rsesi bolg’an mu’lki huqi’qi’n miyrasxorli’q ta’rtibinde bir neshe adamg’a wo’tken bolsa, huqi’qi’y miyrasxorlardi’n’ (mu’lkti ali’wshi’lardi’n’( ha’r biri girew menen ta’miyinlengen minnetlemeni wori’nlawdi’n’ girewden kelip shi’g’atug’i’n aqi’betlerine usi’ mu’lktin’ wo’zine wo’tken bo’legine sa’ykes ra’wishte juwap beredi. Yeger girew na’rsesi bo’linbese yamasa basqa tiykarlar boyi’nsha huqi’qi’y miyrasxorlardi’n’ uli’wma menshigi boli’p qalsa, wolar birge juwap beretug’i’n girewge qoyi’wshi’larg’a aylanadi’.

**17-statya.** Girew haqqi’ndag’i’ sha’rtnama boyi’nsha huqi’qlardan basqa adam paydasi’na bas tarti’w.
Girewge ali’wshi’ talaptan basqa adam paydasi’na bas tarti’w joli’ menen kreditordi’n’ huqi’qlari’n basqa adamg’a beriw haqqi’ndag’i’ qa’delerdi saqlap, girew haqqi’ndag’i’ sha’rtnama boyi’nsha wo’z huqi’qlari’n ni’zam aktlerine muwapi’q basqa adamg’a beriwge haqi’li’.
Girewge ali’wshi’ni’n’ girew haqqi’ndag’i’ sha’rtnama boyi’nsha wo’z huqi’qlari’nan basqa adam paydasi’na bas tarti’wi’, yeger girew menen ta’miyinlengen tiykarg’i’ minnetleme boyi’nsha qari’zdardan talap yetiw huqi’qi’nanda sol adam paydasi’na bas tarti’lg’an bolsa, haqi’yqi’y boladi’.
Yeger basqa na’rse da’lillengen bolmasa, ipoteka sha’rtnamasi’ boyi’nsha huqi’qlardan basqa adam paydasi’na bas tarti’w – ipoteka menen ta’miyinlengen minnetleme boyi’nsha huqi’qlardan basqa adam paydasi’na bas tarti’wdi’ da an’latadi’.

**18-statya.** Girew menen ta’miyinlengen minnetleme boyi’nsha qari’zdi’ basqa adamg’a wo’tkeriw.
Girew menen ta’miyinlengen minnetleme boyi’nsha qari’z basqa adamg’a wo’tkeriliwi menen, yeger girewge qoyi’wshi’ kreditorg’a jan’a qari’zlar ushi’n ni’zam aktlerine muwapi’q juwap beriwge kelisim bergen bolmasa, girew toqtati’ladi’.

**19-statya.** Girewge ali’wshi’ni’n’ huqi’qlari’.
Yeger sha’rtnamada yamasa ni’zamda basqasha ta’rtip na’zerde tuti’lmag’an bolsa, girewge ali’wshi’ to’mendegilerge haqi’li’:
girew menen ta’miyinlengen minnetleme wori’nlanbag’an yamasa tiyisli da’rejede wori’nlanbag’an jag’dayda, ni’zam aktlerinde belgilengen ta’rtipte ha’m sha’rtlerde wo’ndiriwdi girew na’rsesine qarati’w;
girew haqqi’nda sha’rtnama boyi’nsha wo’z huqi’qlari’n basqa adamg’a beriw;
girewge qoyi’lg’an mu’lk jog’alg’ani’ ha’m zi’yanlang’ani’ ushi’n wol kimnin’ paydasi’na qamsi’zlandi’ri’lg’ani’na qaramastan, yeger jog’ali’w ha’m zi’yanlani’w girewge ali’wshi’ juwap beretug’i’n sebepler boyi’nsha ju’z bergen bolsa, usi’ tiykarlarda qamsi’zlandi’ri’w wo’tewinen qanaatlani’w;
ma’mleketlik basqari’w uyi’mlari’ yamasa wori’nlardag’i’ ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ girewge ali’wshi’ni’n’ huqi’qlari’ buzi’lg’an hu’jjetlerdin’ haqi’yqi’y yemes dep tani’w ushi’n sudta dawa qozg’aw ha’m hu’jjetler shi’g’ari’w na’tiyjesinde keltirilgen za’leldin’ wo’teliwin tiyisli uyi’mlardan talap yetiw;
girewge qoyi’wshi’ni’n’ girew na’rsesine menshiklik huqi’qi’ usi’ Ni’zamg’a muwapi’q toqtati’lg’an jag’dayda, wo’z talabi’n girewge qoyi’wshi’g’a beriliwi tiyis bolg’an summadan arti’qmashli’q berilgen tu’rde qanaatlandi’ri’w;
qari’zdar girew menen ta’miyinlengen minnetlemenin’ bir bo’legin wori’nlag’an jag’dayda, girewdegi barli’q mu’lk ushi’n huqi’qi’n saqlap qali’w;
ni’zam aktlerinde na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda, girew menen ta’miyinlengen minnetlemenin’ mu’ddetinen buri’n wori’nlani’wi’n talap yetiw yamasa wo’ndiriwdi girew na’rsesine qarati’w;
girewge qoyi’wshi’ usi’ Ni’zamni’n’ 15-statyasi’nda na’zerde tuti’lg’an minnetlemelerdi wori’nlamawi’ aqi’betinde keltirilgen za’leldin’ wo’teliwin talap yetiw.
Girew qoyi’lg’anda, girewge ali’wshi’ usi’ statyani’n’ birinshi bo’liminde ko’rsetilgen huqi’qlardan ti’sqari’ to’mendegilerge haqi’li’:
o’zine berilgen girew na’rsesinen sha’rtnamada na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda g’ana, girewge qoyi’wshi’g’a paydalani’w haqqi’nda turaqli’ tu’rde yesap berip paydalani’w;
zatti’ minnetleme toli’q wori’nlang’ang’a deyin uslap turi’w;
girewdegi mu’lkti wo’zgenin’ ni’zamsi’z tu’rde iyelik yetiwinen, soni’n’ ishinde girewge qoyi’wshi’ni’n’ iyelik yetiwinen talap yetip ali’w.
Girewdegi mu’lkti girewge qoyi’wshi’g’a qaldi’rg’an jag’daydag’i’ girewde, ipotekada, usi’ stayani’n’ birinshi bo’liminde ko’rsetilgen huqi’qlardan ti’sqari’, girewge ali’wshi’ to’mendegilerge haqi’li’:
girew na’rsesinin’ hu’jjetler boyi’nsha is ju’zinde barli’g’i’n, mug’dari’n, jag’dayi’n ha’m saqlani’w sha’rtlerin tekseriw;
usi’ Ni’zamni’n’ 12-statyasi’ni’n’ birinshi bo’liminde na’zerde tuti’lg’an minnetlemelerdin’ wori’nlani’wi’n girewge qoyi’wshi’dan talap yetiw;
girewge qoyi’lg’an mu’lkke baylani’sli’ islenip ati’rg’an, woni’n’ jog’ali’w yamasa zi’yanlani’w qa’wpin tuwdi’ri’p ati’rg’an qol qati’wlar toqtati’li’wi’n, wolardi’n’ kim ta’repinen islenip ati’rg’ani’na qaramastan, talap yetiw;
girewge qoyi’wshi’ girew na’rsesin qamsi’zlandi’ri’w boyi’nsha minnetlemesin buzg’an jag’dayda, girew na’rsesin wo’z yesabi’nan, biraq girewge qoyi’wshi’ni’n’ ma’plerin go’zlep, qamsi’zlandi’ri’w shi’g’i’nlari’n wonnan wo’ndirip ali’w menen qamsi’zlandi’ri’w.
Aylani’stag’i’ tovarlardi’ girewlegende, usi’ statyani’n’ birinshi ha’m u’shinshi bo’limlerinde ko’rsetilgen huqi’qlardan ti’sqari’, girewge qoyi’wshi’ girew sha’rtlerin buzg’an jag’dayda, girewge ali’wshi’ bul sha’rtti buzi’w jag’dayi’ saplasti’ri’lg’ansha girewdegi tovarlarg’a wo’z belgileri ha’m mo’rlerin basi’w arqali’ aylani’stag’i’ tovarlar menen woperaciyalardi’ toqtati’p turi’wg’a haqi’li’.
Mu’lklik huqi’qlar girewinde usi’ statyani’n’ birinshi bo’liminde ko’rsetilgen huqi’qlardan ti’sqari’ girewge ali’wshi’ to’mendegilerge haqi’li’:
girew menen ta’miyinlengen minnetlemeni wori’nlaw mu’ddeti baslani’wi’na qaramastan, yeger girewge qoyi’wshi’ usi’ Ni’zamda na’zerde tuti’lg’an minnetlemelerdi buzg’an bolsa, girewdegi huqi’qti’n’ wo’zine wo’tkeriliwin sud ta’rtibinde talap yetiw;
girewge qoyi’lg’an huqi’q haqqi’nda ma’sele qaralatug’i’n sud isine u’shinshi ta’rep si’pati’nda qosi’li’w;
usi’ Ni’zamda na’zerde tuti’lg’an minnetlemelerdi girewge qoyi’wshi’ buzg’an jag’dayda, girewge qoyi’lg’an huqi’qti’ u’shinshi bir ta’repler buzi’wi’nan qorg’aw ushi’n wo’z betinshe ilajlar ko’riw;
girewge qoyi’wshi’ kelesi girew haqqi’ndag’i’ qa’delerdi buzg’an ha’m wol usi’ Ni’zamda na’zerde tuti’lg’an minnetlemelerdi wori’nlamag’an jag’daylarda, girew menen ta’miyinlengen minnetleme mu’ddetinen buri’n wori’nlani’wi’n talap yetiw;
eger woni’n’ talabi’ qanaatlandi’ri’lmasa, wo’ndiriwdi girew na’rsesine qarati’w.

Girew na'rsesi ta'replerdin' qaysi' birinde (girewge ali'wshi' da yamasa girewge qoyi'wshi' da) turg'anli'g'i'na qaramastan, girewge ali'wshi' usi' Ni'zamni'n' 26-statyasi'ni'n' to'rtinshi bo'limi, 28-statyasi'ni'n' besinshi bo'limi ha'm 29-statyasi'ni'n' birinshi ha'm yekinshi bo'limlerinde na'zerde tuti'lg'an huqi'qlardan paydalanadi'.

**20-statya.** Girewge ali'wshi'ni'n' minnetlemeleri.
Yeger sha'rtnamada yamasa ni'zamda basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge ali'wshi':
usi' Ni'zamni'n' 12-statyasi'ni'n' birinshi bo'liminde na'zerde tuti'lg'an minnetlemelerdi wori'nlawg'a;
girew menen ta'miyinlengen minnetleme wori'nlani'wi'na baylani'sli' girew toqtati'lg'an jag'dayda yaki minnetlemeler wo'zi ta'repinen girewdegi mu'lktin' jog'ali'wi' yamasa zi'yanlani'w qa'wpin tuwdi'ratug'i'nday da'rejede qopal buzi'lg'anda, girewge qoyi'wshi'ni'n' talap yetiwi boyi'nsha girewdegi mu'lkti girewge qoyi'wshi'g'a toqtawsi'z tu'rde qaytari'p beriwge;
o'z ayi'bi' bolg'an jag'dayda, girew na'rsesi toli'q yamasa woni'n' bir bo'legi jog'alg'ani' yamasa zi'yanlang'ani' sebepli keltirilgen za'leldi girewge qoyi'wshi'g'a usi' Ni'zamni'n' 34-statyasi'ni'n' yekinshi bo'liminde ko'rsetilgen mug'darda wo'tewge minnetli.
Sha'rtnamada na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda girewge ali'wshi':
tiykarg'i' minnetlemeni wori'nlaw maqsetinde yamasa girewge qoyi'wshi'ni'n' ma'plerin go'zlep, girew na'rsesinen na'tiyjeler ha'm da'ramatlar shi'g'ari'p ali'wg'a;
girewge qoyi'wshi' yesabi'nan girewge iyelik yetiwge baylani'sli' sali'qlar ha'm ji'yi'nlar to'lewge minnetli.
Qari'zdar girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni wori'nlag'an jag'dayda, girewge ali'wshi' girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamani' dizimge ali'wdi' a'melge asi'ri'wshi' uyi'mg'a reestrge tiyisli wo'zgerislerdi kirgiziw ushi'n za'ru'r bolg'an hu'jjetlerdi usi'ni'wg'a minnetli. Girewge ali'wshi' ko'rsetilgen talapti' buzg'an jag'dayda, girewge qoyi'wshi' wonnan bul minnetlemeni wori'nlamaw sebepli wo'zine keltirilgen za'leldi toli'q ko'lemde wo'tewdi talap yetiwge haqi'li'.

**21-statya.** Girewge qoyi'wshi'ni'n' huqi'qlari'.
Yeger sha'rtnamada yamasa ni'zamda basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge qoyi'wshi' to'mendegilerge haqi'li':
girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni usi' Ni'zamda belgilengen ta'rtipte mu'ddetinen buri'n wori'nlaw;
girewge ali'wshi'ni'n' kelisimi menen girew na'rsesin almasti'ri'w;
usi' Ni'zamni'n' 13-statyasi'ni'n' yekinshi bo'liminde na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda girew na'rsesin aqi'lg'a muwapi'q mu'ddette tiklew ha'm woni' basqa ten' bahadag'i' mu'lkke almasti'ri'w;
usi' Ni'zamni'n' 26-statyasi'na muwapi'q wo'ndiriw qarati'lg'an girew na'rsesi sati'lg'ang'a yamasa girewge qoyi'lg'an mu'lklik huqi'qlar iske asi'ri'lg'ang'a deyin qa'legen waqi'tta girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni yamasa woni'n' wori'nlani'wi' keshiktirilgen bo'legin wori'nlap, wolarg'a wo'ndiriwdi qarati'wdi' toqtati'w;
girew menen ta'miyinlengen minnetleme boyi'nsha qari'zdi' girewge ali'wshi'ni'n' kelisimi menen basqa adamg'a wo'tkeriw;
usi' Ni'zamni'n' 12-statyasi'nn' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen minnetlemeler girewge ali'wshi' ta'repinen qopal tu'rde buzi'lg'an jag'dayda, girewdin' mu'ddetinen buri'n toqtati'li'wi'n talap yetiw.
Girewge qoyi'lg'anda, usi' statyani'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen huqi'qlardan ti'sqari', girewge qoyi'wshi' to'mendegilerge haqi'li':
girew na'rsesi jog'alg'anli'g'i' yamasa zi'yanlang'ani' sebepli keltirilgen za'leldin' wo'teliwin girewge ali'wshi'dan talap yetiw;
girew na'rsesi jog'alg'anli'g'i' yamasa zi'yanlang'ani' sebepli keltirilgen za'leldi wo'tew haqqi'nda girewge ali'wshi'g'a baylani'sli' talaplardi' girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni wo'tew yesabi'na wo'tkeriw.
Girewdegi mu'lkti girewge qoyi'wshi'g'a qaldi'rg'an jag'daydag'i' girewde, ipotekada, usi' statyani'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen huqi'qlardan ti'sqari', girewge qoyi'wshi' to'mendegilerge haqi'li':
girew na'rsesinen belgilengen maqsetke muwapi'q paydalani'w, soni'n' ishinde wonnan na'tiyje ha'm da'ramatlar ali'w;
girewge ali'wshi'ni'n' kelisimi menen girew na'rsesin basqa adamg'a beriw, woni' ijarag'a yamasa biypul paydalani'w ushi'n basqa adamg'a tapsi'ri'w yaki basqasha tu'rde jumsaw.
Girewge qoyi'wshi'ni'n' girewge qoyi'lg'an mu'lkti wa'siyat yetip qaldi'ri'w huqi'qi'n shekleytug'i'n kelisim haqi'yqi'y yemes.
Aylani'stag'i' tovarlar girewinde usi' statyani'n' birinshi ha'm u'shinshi bo'limlerinde ko'rsetilgen huqi'qlardan ti'sqari', girewge qoyi'wshi' tovardi'n' uli'wma quni' girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamada ko'rsetilgeninen kemeymewi sha'rti menen girewge qoyi'lg'an tovardi'n' qurami' ha'm haqi'yqi'y tu'rin wo'zgertiwge haqi'li'. Mu'lklik huqi'qlar girewinde girewge qoyi'wshi' usi' statyani'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen huqi'qlardan paydalanadi'.

**22-statya.** Girewge qoyi'wshi'ni'n' minnetlemeleri.
Yeger sha'rtnamada yamasa ni'zamda basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge qoyi'wshi':
ha'r bir kelesi girewge ali'wshi'g'a girewge qoyi'lg'an mu'lktin' barli'q bar bolg'an girewleri haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' ma'lim yetiwge;
girewge ali'wshi'da girew menen ta'miyinlengen minnetlemenin' mu'ddetinen buri'n wori'nlani'wi'n talap yetiw ha'm wo'ndiriwdi girewdegi mu'lkke qarati'w huqi'qi' payda bolg'anda girewge ali'wshi'ni'n' talaplari'n qanaatlandi'ri'wg'a minnetli. Mu'lk girewge qoyi'wshi'da qaldi'ri'lg'an jag'daydag'i' girewde, ipotekada usi' statyani'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen minnetlemelerden ti'sqari', girewge qoyi'wshi' usi' Ni'zamni'n' 12-statyasi'ni'n' birinshi bo'liminde na'zerde tuti'lg'an talaplardi' wori'nlawg'a minnetli.***A***ylani'stag'i' tovarlar girewinde usi' statyani'n' birinshi ha'm yekinshi bo'limlerinde ko'rsetilgen minnetlemelerden ti'sqari', girewge qoyi'wshi' girewdegi tovar boyi'nsha woperaciyalardi'n' wo'z aldi'na yesabi'n ju'rgiziwge haqi'li'. Mu'lklik huqi'qlar girewinde usi' statyani'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen minnetlemelerden ti'sqari', girewge qoyi'wshi':
girewge qoyi'lg'an huqi'qti'n' haqi'yqi'yli'g'i'n ta'miyinlew ushi'n za'ru'r bolg'an ha'reketlerdi islewge;
girewge qoyi'lg'an huqi'qti'n' toqtati'li'wi'na yamasa woni'n' quni'ni'n' azayi'wi'na sebep boli'wshi' ha'reketlerdi islemewge;
girewge qoyi'lg'an huqi'qti' u'shinshi adamlar ta'repinen bolatug'i'n qol qati'wlar ha'm talaplardan qorg'aw ushi'n za'ru'r bolg'an ilajlardi' ko'riwge;
girewge qoyi'wshi'g'a girewge qoyi'lg'an huqi'qta bolg'an wo'zgerisler haqqi'ndag'i', woni'n' u'shinshi adamlar ta'repinen buzi'lg'ani' haqqi'ndag'i' mag'li'wmatlardi' ma'lim yetiwge;
o'z qari'zlari'n huqi'qlar girewi bolg'anli'g'i' haqqi'nda xabardar yetiwge minnetli.
Yeger girewge ali'wshi' menen kelisimde basqasha ta'rtip belgilenbegen bolsa, usi' statyani'n' to'rtinshi bo'liminde na'zerde tuti'lg'an qa'deler girewge qoyi'wshi'ni'n' huqi'qi'y miyrasxorli'g'i'na girewge qoyi'lg'an huqi'qlarg'a baylani'sli' qollani'ladi'.

**23-statya.** Kreditor talaplari'ni'n' u'shinshi adam ta'repinen qanaatlandi'ri'wi'ni'n' aqi'betleri.
Kreditor talaplari'n toli'q ko'lemde qanaatlandi'rg'an u'shinshi adamg'a talap yetiw huqi'qi'n ta'miyinlegen girew wo'tedi.

**24-statya.** Depozitke wo'tkeriw joli' menen girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamani' toqtati'w.
Girewge ali'wshi' girew menen ta'miyinlengen aqsha minnetlemesin wori'nlawdi' qabi'l yetiwden bas tartqanda tiyisli summa notarialli'q ma'keme yamasa bank depozitine wo'tkeriledi. Yeger depozitke wo'tkerilgen summa qari'zdi' toli'q japsa, girew haqqi'ndag'i' sha'rtnama wo'z ku'shin joytadi'.

**25-statya.** U'shinshi adamni'n' (mu'lklik kepildin') girewi menen ta'miyinlengen minnetlemenin' qari'zdar ta'repinen wori'nlanbawi'ni'n' aqi'betleri.
Qari'zdar ta'repinen kreditor aldi'ndag'i' minnetleme wori'nlanbag'an jag'dayda, qari'zdardi'n' minnetlemesin ta'miyinlewge girew bergen u'shinshi adam (mu'lklik kepil) wo'ndiriwdin' girewge qoyi'lg'an na'rsege qarati'li'wi'nan saqlani'w maqsetinde bul minnetlemeni wori'nlawg'a haqi'li'.
Wo'ndiriw girew na'rsesine woni' iske asi'ri'w joli' menen qarati'lg'an jag'dayda, mu'lklik kepil qari'zdardan woni'n' quni'n ha'm ko'rilgen za'leldi wo'tewdi talap yetiwi mu'mkin.

**26-statya.** Wo'ndiriwdin' girew na'rsesine qarati'li'wi'.
Girewge ali'wshi'ni'n' (kreditordi'n') talaplari'n qanaatlandi'ri'w ushi'n wo'ndiriwdi qari'zdar girew menen ta'miyinlegen minnetlemeni wo'zi juwapker bolg'an jag'daylarda wori'nlamag'anda yamasa tiyisli da'rejede wori'nlamag'anda girewge qoyi'lg'an mu'lkke qarati'w mu'mkin.
Yuridikali'q ta'rep – girewge qoyi'wshi' qayta sho'lkemlestirilgen yamasa saplasti'ri'lg'an jag'dayda, girewge ali'wshi' girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni wori'nlaw mu'ddeti baslani'wi'na qaramastan, wo'ndiriwdi girewdegi mu'lkke qarati'wg'a haqi'li'.
Yeger girew menen ta'miyinlengen minnetlemenin' qari'zdar ta'repinen buzi'li'wi' ju'da' arzi'mas bolsa ha'm usi'g'an baylani'sli' girewge ali'wshi' talaplari'ni'n' mug'dari' girewge qoyi'lg'an mu'lktin' quni'na ani'q sa'ykes kelmese, wo'ndiriwdi girewge qoyi'lg'an mu'lkke qarati'wdan bas tarti'wg'a haqi'li'. Yeger sha'rtnamada yamasa ni'zamlarda basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, qari'zdar girew menen ta'miyinlengen minnetlemenin' bir bo'legin wori'nlag'an jag'dayda, girew ali'wshi' girewge qoyi'lg'an barli'q mu'lkke bolg'an huqi'qti' saqlap qaladi'.
Yeger bir neshe zatlar yamasa huqi'qlar girew na'rsesi bolsa, girewge ali'wshi' wo'z qa'lewi boyi'nsha usi' barli'q mu'lk yesabi'nan yamasa zatlar (huqi'qlar) dan birinin' yesabi'nan talabi'n qanaatlandi'ri'w mu'mkin, bunda wol son'i'nan da girew na'rsesin quraytug'i'n basqa zatlar (huqi'qlar) yesabi'nan talabi'n qanaatlandi'ri'w mu'mkinshiligin saqlap qaladi'.

**27-statya.** Wo'ndiriwdi girewge qoyi'lg'an mu'lkke qarati'w ta'rtibi.
Girewge ali'wshi'ni'n' (kreditordi'n'( talaplari' girewge qoyi'lg'an ko'shpes mu'lk quni'nan sudti'n' sheshimine muwapi'q qanaatlandi'ri'ladi'. Girewge ali'wshi'ni'n' talabi'n girewge qoyi'lg'an ko'shpes mu'lk yesabi'nan sudqa mu'ra'ja't yetpesten qanaatlandi'ri'wg'a, yeger bul girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamada na'zerde tuti'lg'an bolsa yamasa wo'ndiriwdi girew na'rsesine qarati'w ushi'n tiykar payda bolg'ani'nan keyin girewge ali'wshi'ni'n' girewge qoyi'wshi' menen du'zilgen, notarial ta'rtipte tasti'yi'qlang'an kelisimi tiykari'nda jol qoyi'ladi'. Usi' kelisim arqali' huqi'qlari' buzi'lg'an shaxsti'n' dawasi'na muwapi'q bunday kelisim sud ta'repinen haqi'yqi'y yemes dep tabi'li'wi' mu'mkin.
Yeger girewge qoyi'wshi'ni'n' girewge ali'wshi' menen kelisiminde basqasha ta'rtip na'zerde tuti'lmag'an bolsa, girewge ali'wshi'ni'n' talaplari' girewge qoyi'lg'an ko'shpeli mu'lk yesabi'nan sud sheshimine muwapi'q qanaatlandi'ri'ladi'. Yeger ni'zamda basqasha ta'rtip belgilep qoyi'lg'an bolmasa, wo'ndiriw girewge ali'wshi'g'a tapsi'ri'lg'an girew na'rsesine girew haqqi'ndag'i' sha'rtnamada belgilengen ta'rtipte qarati'li'wi' mu'mkin.
Wo'ndiriw girew na'rsesine to'mendegi jag'daylarda tek sudti'n' sheshimine muwapi'q qarati'li'wi' mu'mkin:
1) girew haqqi'nda sha'rtnama du'ziw ushi'n basqa adam yamasa uyi'mni'n' kelisimi yaki ruxsati' talap yetilgende;
2) girew na'rsesi ja'miyet ushi'n tariyxi'y, ko'rkem yamasa basqa ma'deniy a'hmiyetke iye mu'lk bolsa;
3) girewge qoyi'wshi' joq bolsa ha'm woni'n' boli'p ati'rg'an jerin ani'qlaw mu'mkin bolmasa.

**28-statya.** Girewge qoyi'lg'an mu'lkti sati'w.
Usi' Ni'zamni'n' 26-statyasi'na muwapi'q wo'ndiriw qarati'lg'an girewdegi mu'lkti sati'w ni'zam aktlerinde belgilengen ta'rtipte «kim zi'yat» sawdasi'nda sati'w arqali' a'melge asi'ri'ladi'.
Girewge qoyi'wshi'ni'n' wo'tinishi boyi'nsha, sud wo'ndiriwdi girewge qoyi'lg'an mu'lkke qarati'w haqqi'ndag'i' sheshimde woni' «kim zi'yat» sawdasi'nda sati'wdi' bir ji'lg'a deyin mu'ddette keyinge qaldi'ri'wg'a haqi'li'. Keyinge qaldi'ri'w usi' mu'lkti girewge qoyi'w menen ta'miyinlengen minnetleme boyi'nsha ta'replerdin' huqi'q ha'm minnetlemelerine ta'sir yetpeydi ha'm qari'zdardi' kreditordi'n' keyinge qaldi'ri'w da'wiri dawami'nda ko'beygen za'lellerin wo'tewden ha'm sha'rtti wori'nlamag'ani' ushi'n to'leytug'i'n ja'riymadan azat yetpeydi. Girewge qoyi'lg'an mu'lktin' «kim zi'yat» sawdasi' baslanatug'i'n waqi'ttag'i' baslang'i'sh sati'w bahasi' wo'ndiriw sud ta'rtibinde mu'lkke qarati'lg'an jag'daylarda sud sheshimi menen yamasa basqa jag'daylarda girewge ali'wshi'ni'n' girewge qoyi'wshi' menen kelisimi na'tiyjesinde belgilenedi.
Girewge qoyi'lg'an mu'lk «kim zi'yat» sawdasi'nda yen' joqari' bahani' usi'ng'an adamg'a sati'ladi'.
Yeger girewge qoyi'lg'an mu'lkti sati'wdan tu'sken summa girewge ali'wshi'ni'n' talabi'n wo'tew ushi'n jetkiliksiz bolsa, wol, yeger ni'zamda yamasa sha'rtnamada basqasha ko'rsetpe bolmasa, jetpey turg'an summani' girewge tiykarlang'an arti'qmashli'qtan paydalanbastan qari'zdardi'n' basqa mu'lkinen ali'w huqi'qi'na iye boladi'.
Yeger girewge qoyi'lg'an mu'lkti sati'wdan tu'sken summa girewge ali'wshi'ni'n' girew menen ta'miyinlengen talabi'nan asi'p ketse, ayi'rmasi' girewge qoyi'wshi'g'a qaytari'p beriledi.

**29-statya.** A'melge aspag'an «kim zi'yat» sawdasi'ni'n' aqi'betleri.
aKim zi'yatA sawdasi' a'melge aspag'an dep ja'riyalang'anda, girewge ali'wshi' girewge qoyi'wshi' menen kelisip, girewge qoyi'lg'an mu'lkti sati'p ali'wg'a ha'm sati'p ali'w bahasi'n girew menen ta'miyinlengen wo'z talaplari' yesabi'na wo'tkeriwge haqi'li'. Bunday kelisiwge baylani'sli' sati'p ali'w – sati'w sha'rtnamasi'ni'n' qa'deleri qollani'ladi'.
Ta'kirarlang'an «kim zi'yat» sawdasi' a'melge aspag'an dep ja'riyalang'anda, girewge ali'wshi' girew na'rsesin ta'kirarlang'an «kim zi'yat» sawdasi'ndag'i' baslang'i'sh sati'w bahasi'nan ko'p bolg'anda, procenti kemeytilgen summada bahalap, wo'zinde ali'p qali'wg'a haqi'li'.
Yeger girewge ali'wshi' girew na'rsesin wo'zine ali'p qali'w huqi'qi'nan ta'kirarlang'an «kim zi'yat» sawdasi' a'melge aspag'an dep ja'riyalang'an ku'nnen baslap bir ay dawami'nda paydalanbasa, girew sha'rtnamasi' toqtati'ladi'.

**30-statya.** Girewge qoyi'lg'an mu'lklik huqi'qlardi' iske asi'ri'w.
Mu'lklik huqi'qlar girewinde girew na'rsesin iske asi'ri'w girewge qoyi'wshi'ni'n' girewge qoyi'lg'an huqi'qtan kelip shi'g'atug'i'n talapti' girewge ali'wshi' paydasi'na beriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Girewge ali'wshi' wo'ndiriwdi girew na'rsesine qarati'w huqi'qi' payda bolg'an waqi'tta girewge qoyi'lg'an huqi'qti'n' sud ta'rtibinde wo'zine wo'tkeriliwin talap yetiw huqi'qi'na iye boladi'.

**31-statya.** Girew menen ta'miyinlengen minnetlemeni mu'ddetinen buri'n wori'nlaw ha'm wo'ndiriwdi girewge qoyi'lg'an mu'lkke qarati'w.
Girewge qoyi'wshi' minnetlemeni mu'ddetinen buri'n wori'nlawg'a haqi'li', al girewge ali'wshi' bolsa, yeger bul Ni'zam aktlerinde yamasa sha'rtnamada na'zerde tuti'lg'an bolsa yaki minnetleme negizinen kelip shi'g'atug'i'n bolsa yamasa is aylani'si' da'stu'rlerinen yaki basqa a'dette qoyi'latug'i'n talaplardan kelip shi'qsa, mu'ddetinen buri'n wori'nlawdi' qabi'l yetiwge minnetli. Girewge ali'wshi', ni'zamda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda, girew menen ta'miyinlengen minnetlemenin' mu'ddetinen buri'n wori'nlani'wi'n talap yetiwge haqi'li'.

**32-statya.** Girewdin' toqtati'li'wi'.
Girew to'mendegi jag'daylarda toqtati'ladi':
girew menen ta'miyinlengen minnetleme toqtati'lg'anda;
girewge ali'wshi' usi' Ni'zamni'n' 12-statyasi'ni'n' birinshi bo'liminde ko'rsetilgen minnetlemelerdi qopal tu'rde buzg'an jag'dayda, girewge

qoyi’wshi’ni’n’ talabi’ menen;
girewge qoyi’lg’an zat nabi’t bolg’anda yamasa girewge qoyi’lg’an huqi’q toqtati’lg’anda, yeger girewge qoyi’wshi’ usi’ Ni’zamni’n’ 13-statyasi’ni’n’ yekinshi bo’liminde na’zerde tuti’lg’an huqi’qtan paydalanbag’an bolsa;
girewge qoyi’lg’an mu’lk «kim zi’yat» sawdasi’nda sati’lg’an jag’dayda, sonday-aq usi’ Ni’zamni’n’ 29 – statyasi’nda na’zerde tuti’lg’an tiykarlar boyi’nsha woni’ sati’w mu’mkin bolmag’an jag’dayda;
girew na’rsesi bolg’an mu’lk girewge qoyi’wshi’dan ni’zamda belgilengen ta’rtipte ali’p qoyi’lg’an jag’dayda;
eger girewge qoyi’wshi’ kreditorg’a jan’a qari’zlar ushi’n juwap beriwge kelisim bermegen bolsa, girew menen ta’miyinlengen minnetleme boyi’nsha qari’z basqa adamg’a wo’tkerilgen jag’dayda;
dawa mu’ddeti wo’tkenligi sebepli girew menen ta’miyinlengen minnetleme boyi’nsha wo’z talaplari’n qanaatlandi’ri’w kreditor ushi’n mu’mkin bolmay qalg’an jag’dayda;
girew na’rsesin quraytug’i’n huqi’qti’n’ ha’reket yetiw mu’ddeti pitken jag’dayda;
ni’zam aktlerinde na’zerde tuti’lg’an basqa da jag’daylarda.

**II. Girewge qoyi’lg’an mu’lkti girewge ali’wshi’g’a berip qoyi’latug’i’n girew (zakalat)**

**33-statya.** Zakalat tu’sinigi.
Girewge qoyi’lg’an mu’lkti girewge qoyi’wshi’dan girewge ali’wshi’ni’n’ i’qti’yari’na beriletug’i’n girew – zakalat dep tani’ladi’.

**34-statya.** Girewge ali’wshi’ni’n’ girewge qoyi’lg’an mu’lki jog’alg’ani’ yamasa zi’yanlang’ani’ ushi’n juwapkerligi.
Girewge ali’wshi’, yeger ni’zam aktlerine muwapi’q juwapkershilikten azat yetiliwge mu’mkinshiligin da’lilley almasa, wo’zine berip qoyi’lg’an girew na’rsesinin’ toli’q yamasa bir bo’leginin’ jog’alg’ani’ yamasa zi’yanlang’ani’ ushi’n juwap beredi.
Girew na’rsesi girewge ali’wshi’g’a tapsi’ri’w waqti’nda qansha summag’a bahalang’an boli’wi’na qaramastan, girewge ali’wshi’ girew na’rsesi jog’alg’anli’g’i’ ushi’n woni’n’ haqi’yqi’y quni’ mug’dari’nda wog’an zi’yan keltirilgeni ushi’n bolsa – bul qun qansha summag’a kemeygen bolsa, sonsha summa mug’dari’nda juwap beredi.
Yeger girew na’rsesi zi’yanlani’w na’tiyjesinde wonnan tikkeley wo’z wazi’ypasi’ boyi’nsha paydalani’w mu’mkin bolmaytug’i’n da’rejede wo’zgergen bolsa, girewge qoyi’wshi’ wonnan bas tarti’wg’a ha’m woni’n’ isten shi’qqani’n wo’tewdi talap yetiwge haqi’li’.
Sha’rtnamada girewge ali’wshi’ni’n’ girew na’rsesi jog’alg’ani’ yamasa zi’yanlang’ani’na baylani’sli’ keltirilgen basqa za’lellerdi de girew

*Viewed:*